

Radon nan Lekòl ak Pwogram Gadri

Ki sa radon ye?

Radon se yon gaz radyowaktif ki soti tou natirèlman nan tè ak nan wòch. Gaz radon ka pwopaje soti nan tè a pou antre nan yon bilding pa mwayen fant ak twou ki nan fondasyon an. Nenpòt bilding ka gen yon nivo radon ki wo, kèlkeswa kalite fondasyon an, e menmsi l gen yon sousòl.

Ki danje radon poze?

Radon ka akimile anndan yon bilding epi l ka bay moun kansè nan poumon si yo respire l pandan plizyè ane.

Radon se pi gwo koz kansè nan poumon pami moun ki pa fimen. Risk kansè nan poumon an pi wo lontan pou moun ki pran ni nan radon, ni nan lafimen anmenmtan.

Nenpòt kantite radon riske bay moun kansè nan poumon. Si w diminye nivo radon an nan yon bilding, sa ap diminye risk kansè nan poumon an. Ou ka fè premye pa a pou diminye risk la lè w fè tès pou radon.

Timoun gendwa fè fas ak pi gwo danje akòz radon. Yo grandi vit, kidonk yo pi sansib parapò ak ond ki danjere. Timoun pase anpil tan anndan kay tou, sa fè yo ka respire plis radon pase granmoun. Li posib yon timoun pran nan radon lakay li. Lòt kote timoun pase anpil tan kote yo ka pran nan radon tou se andeyò lakay la, nan lekòl, ak nan pwogram gadri.


Ki kote radon poze yon pwoblèm?

Nenpòt bilding ka gen yon wo nivo radon. Ajans Pwoteksyon Anviwònman Ameriken an estime prèske 1 sou 5 lekòl gen omwen yon chanm ki an kontak ak tè a ki souvan gen yon nivo radon ki pi wo pase 4 pCi/L (pikokiri pou chak lit lè). Yo pa konnen anpil sou danje radon yo nan gadri . Pa gen okenn zòn nan Massachusetts ki pa gen danje radon.

Ki jan mwen ka konnen si yon bilding gen radon?

Ou pa ka wè radon, ou pa ka pran gou l, ni w pa ka pran sant li. **Sèl fason pou konnen si yon lekòl oubyen yon gadri gen yon nivo radon ki wo se fè tès pou li.** Mande direktè lekòl la oswa responsab etablisman an si yo te fè tès radon, epi mande pou w wè rezilta yo.

Al gade www.mass.gov/radon pou w jwenn plis enfòmasyon sou tès ak fason pou diminye radon. Si w gen kesyon, kontakte Sant Apèl Radon Massachusetts la sou (800) 723-6695.



Li baze sou sa CRCPD a te fè. 2018. Konferans Direktè Pwogram Kontwòl Ond Danjere. Diminye Danje Radon yo: Enfòmasyon ak Entèkansyon, Yon Gid pou Pwofesyonèl Swen Sante. Piblikasyon nimewo E-18-2.

Radon bay kansè nan poumon.

Mande direktè lekòl ou a oswa direktè pwogram gadri a pou:

- ☒ Teste lekòl ou a
- ☒ Repare bilding lan si l gen yon nivo radon ki wo

